

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Basa mangrupa alat anu kacida pentingna pikeun manusa dina ngayakeun hubungan jeung sasamana. Basa Sunda lain hirup tumuwuh di tatar Sunda wungkul, aya ogé di luar Jawa Barat nu dipaké pikeun pakakas komunikasi nu kawilang pentingna dina hirup kumbuh sapopoé di masarakat. Basa Sunda nu dipaké ku masarakatna mangrupa hasil tina kamekaran budaya Sunda. Dina makéna basa urang bisa nepikeun pamaksudan sarta pamadegan ka nu lian, lian ti éta basa ogé bisa dipaké pikeun nepikeun informasi. Basa ogé bisa nepikeun naon-naon nu nyangkaruk dina haté urang, ngaliwatan pakakas ucap atawa ku tulisan dina raraga méré pangajén ka batur ngeunaan hiji hal. Basa miboga peranan nu kalintang pentingna kana kamekaran kahirupan urang. Sakumaha nu ditepikeun ku Sudaryat (1991:1), basa nya éta sistem lambang sora omongan anu dihasilkeun ku pakakas ucap manusa kalawan puguh éntép seureuhna (sistematis) tur ragem (konvensional) antaranggota masarakatna pikeun tujuan komunikasi.

Basa Sunda nu dipaké ku masarakatna mangrupa répréséntasi jeung maniféstasi budaya Sunda. Ku kituna, teu anéh lamun linguistik patali jeung budaya nu aya, sabab budaya jeung unsur-unsur nu nyangkaruk dina jerona

mangrupa salah sahiji widang garapan linguistik jeung widang garapan semantik. Charles Morris (1946) nétélakeun yén semiotik téh ngawengku sintaksis, semantik, jeung pragmatik. Sintaksis maluruh patalina unsur-unsur basa, semantik maluruh patalina unsur basa jeung objék nu dimaksudkeun, sarta pragmatik maluruh patalina unsur basa jeung pamakéanana atawa kontéksna (titénan Sudaryat. 1995:9).

Kitu ogé, Gillian Brown jeung George Yule (1996:26) nétélakeun yén:

”Setiap pendekatan analitis dalam linguistik yang melibatkan pertimbangan-pertimbangan kontekstual, semestinya termasuk bidang penyelidikan bahasa yang disebut pragmatika”.

Situasi pragmatis nyarita raket patalina jeung adegan kalimah, saperti kalimah wawaran, kalimah pananya, jeung kalimah paréntah. Ieu panalungtikan medar perkara kalimah pananya. Makéna kalimah pananya nu aya di sawatara sakola ngabogaan masalah di antarana, siswa can bisa nyangkem ma’na sagemblengna nu aya dina kalimah pananya. Ku kituna, panalungtikan ngeunaan kalimah pananya diperlukeun. Luyu jeung pamadegan Sudaryat (1991:196) yén kalimah pananya (interogatif) nya éta kalimah anu eusina nanyakeun hiji perkara ka jalma lian sarta miharep respon nu mangrupa jawaban. Dina basa tinulis ditungtungan ku tanda pananya (?), ari dina basa lisan boga lentong nanya.

Patali jeung kalimah pananya kungsi dilaksanakeun dina raraga panalungtikan skripsi, di antarana waé : *“Adegan Kalimah Pananya dina Novel Lain Éta karangan Moh. Ambri”*(Tejaningrum,2002), *“Kalimah Pananya dina Novel Mercedes 190 Karangan Moh. Rustandi Katakusuma”*(Sukaesih,2004),

jeung”*Adegan Pragmatis Kalimah Pananya dina Kumpulan Carpon Ajalna Sang Béntang Pilem Karangan Duduh Durahman*” (Irma Dewi Kharisma,2008).

Panalungtikan Tejaningrum ngabahas adegan kalimah pananya, ma’na, distribusi kalimah pananya, jeung ciri-ciri nu nyampak dina kalimah pananya. Panalungtikan éta skripsi teu medar perkara tahapan nu nyangkaruk dina kalimah pananya. Ieu skripsi ngan nalungtik tata kalimah, teu aya patali kapragmatisanana. Bédana ieu skripsi nyaéta lebah sumber data lain novel, tapi naskah drama karangan siswa. Kapanggih 37 adegan nu kabagi kana 17 pola kalimah madeg mandiri, 18 pola kalimah ngantét, 2 pola kalimah sumeler. Distribusi nu nyampak dina ieu panalungtikan aya 4 nya éta kalimah pananya nu cicingna dihareup, di tengah, di tungtung, sarta campuran. Adegan nu ditalungtik ogé béda, alatan sim kuring leuwih mesék kana harti pragmatikna lain saukur tata kalimahna wungkul. Ku kituna, nu ahirna kalimah pananya nu dipedar, salaku salaku pakakas komunikasi dina ieu panalungtikan.

Sukaesih dina taun 2004 nalungtik ngeunaan *Kalimah Pananya dina Novel Mercedes 190 Karangan Moh. Rustandi Katakusuma*. Eusina nalungtik unsur-unsur kalimah pananya ditilik tina widang sintaksisna, alatan nalungtik kalimah pananya leuwih kana wangunna, ma’mana, sarta ciri. Dina éta skripsi ngan saukur ngabahas adegan jeung ciri nilik kana widang sintaksisna , teu medar kana widang pragmatisanana. Mutolaah skripsi teu medar ngeunaan tahapanana. Bédana pedaran dina éta skripsi leuwih museur kana widang sintaksisna, tapi dina ieu panalungtikan mah leuwih medar kana widang pragmatikna.

Irma Dewi Kharisma taun 2008 nalungtik ngeunaan *Adegan Pragmatis Kalimah Pananya dina Kumpulan Carpon Ajalna Sang Béntang Pilem Karangan Duduh Durahman*. Eusina medar kalimah pananya ngan saukur tina jihat ciri jeung tandana wungkul, teu nilik kana lentong, aspék nu mangaruhan ogé. Éta skripsi aya sasaruanna jeung ieu panalungtikan nya éta palebah nilik kalimah pananya leuwih tina widang kapragmatisanana, medar kalimah pananya ngawengku tilu hal nya éta adegan pragmatis, tahapan pragmatis, sarta ma'na pragmatis. Ari bédana éta skripsi jeung ieu panalungtikan nya éta dina sumber data, dina ieu panalungtikan sumber datana nya éta maké naskah drama sarta kalimah pananya nu ditilik tina segi tujuanana salaku pakakas komunikasi.

Dumasar kana kasang tukang di luhur, dicindekeun yén can aya panalungtikan séjén ngeunaan adegan pragmatis kalimah pananya dina naskah drama siswa pikeun bahan pangajaran basa Sunda di SMAN 1 Sindangkasih. Ku kituna, dilaksanakeun ieu panalungtikan nu judulna *Adegan Pragmatis Kalimah Pananya dina Naskah Drama Sunda Karangan Siswa Kelas XII IPA SMAN 1 Sindangkasih Kabupaten Ciamis Taun Ajaran 2010-2011*.

2.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

2.2.1 Watesan Masalah

Ieu panalungtikan diwatesanan supaya teu lega teuing jeung leuwih fokus kana masalah anu ditalungtik nya éta adegan pragmatis kalimah pananya dina kumpulan naskah drama Sunda karangan siswa kelas XII IPA SMAN 1 Sindangkasih Kabupaten Ciamis Taun Ajaran 2010-2011.

2.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang masalah nu dipedar, masalah ieu panalungtikan bisa dirumuskaeun dina wangun patalékan saperti ieu di handap:

- a) Kalimah pananya nu kumaha waé nu kapanggih dina naskah drama Sunda karangan siswa kelas XII IPA SMAN 1 Sindangkasih Kabupatén Ciamis taun ajaran 2010-2011?
- b) Kumaha adegan pragmatis kalimah pananya dina naskah drama Sunda karangan siswa kelas XII IPA SMAN 1 Sindangkasih Kabupatén Ciamis taun ajaran 2010-2011?
- c) Kumaha tahapan pragmatis kalimah pananya dina naskah drama Sunda karangan siswa kelas XII IPA SMAN 1 Sindangkasih Kabupatén Ciamis taun ajaran 2010-2011?
- d) Kumaha wujud pragmatis kalimah pananya dina naskah drama Sunda karangan siswa kelas XII IPA SMAN 1 Sindangkasih Kabupatén Ciamis taun ajaran 2010-2011?

2.3 Tujuan Panalungtikan

2.3.1 Tujuan Umum

Ieu panalungtikan miboga tujuan umum pikeun neuleuman leuwih jero, kalawan ngadéskripsikeun ngeunaan struktur pragmatis kalimah pananya, nu aya dina naskah drama Sunda karangan siswa kelas XII IPA SMAN 1 Sindangkasih Kabupatén Ciamis Taun Ajaran 2010-2011.

2.3.2 Tujuan Husus

Ieu panalungtikan ngabogaan sawatara tujuan husus nu baris dihontal, nya éta ngadéskripsikeun:

- a) Kalimah pananya nu kapanggih dina naskah drama Sunda karangan siswa kelas XII IPA SMAN 1 Sindangkasih Kabupaten Ciamis Taun Ajaran 2010-2011.
- b) Adegan pragmatis kalimah pananya dina naskah drama Sunda karangan siswa kelas XII IPA SMAN 1 Sindangkasih Kabupaten Ciamis Taun Ajaran 2010-2011.
- c) Tahapan pragmatis kalimah pananya dina naskah drama Sunda karangan siswa kelas XII IPA SMAN 1 Sindangkasih Kabupaten Ciamis Taun Ajaran 2010-2011.
- d) Wujud pragmatis kalimah pananya dina naskah drama Sunda karangan siswa kelas XII IPA SMAN 1 Sindangkasih Kabupaten Ciamis Taun Ajaran 2010-2011.

2.4 Mangpaat Panalungtikan

2.4.1 Mangpaat Teoritis

Bisa dipaké pikeun ngeuyeuban kaédah-kaédah katatabasaan patali jeung kapragmatisan kalimah pananya.

2.4.2 Mangpaat Praktis

Hasil panalungtikan ieu dipiharep ngabogaan mangpaat pikeun balaréa, di antarana waé, pikeun siswa, guru, panalungtik, panalungtik séjén, jeung élmu basa.

- a) Pikeun siswa, kalimah pananya nu merenah bisa digunakeun dina paguneman sapopoé.
- b) Pikeun guru, dijadikeun referensi dina ngaronjatkeun kamampuh siswa dina raraga neuleuman pama'nan nu nyangkaruk dina kalimah pananya basa Sunda.
- c) Pikeun nu nalungtik, bisa nambahan kaparigelan dina ngagunakeun kalimah pananya nu merenah.
- d) Pikeun panalungtik séjén, bisa méré referensi keur panalungtik nu lian dina nalungtik widang nu sarua.
- e) Pikeun élmu kabasaan, bisa dipaké dina ngamekarkeun basa Sunda.

2.5 Wangenan Istilah

Wangenan nu patali jeung judul panalungtikan téh nya éta:

- a) Adegan atawa struktur nyaéta wawangunan nu eusina ngabogaan sawatara pola nu ngéntép seureuh.
- b) Pragmatik nya éta ulikan nu patali harti jeung kontéks tutur nu ngadumaniskeun adegan basa jeung makéna basa.

- c) Adegan Pragmatis nya éta wawangunan nu ngéntép seureuh, ngulik patali harti jeung kontéks tutur, sarta ngadumaniskeun adegan basa jeung makéna.
- d) Kalimah nya éta wangun katatabasaan anu bisa mandeg mandiri, mangrupa runtuyan kecap anu ngéntép seureuh, ngabogaan lentong, jeung mangrupa hasil pamikiran hiji jalma.
- e) Kalimah pananya nya éta kalimah anu gunana pikeun nanyakeun hiji hal ka jalma lian, sipatna kudu dijawab ku batur atawa miboga harepan dijawab ku batur, dipungkas ku tanda pananya, sarta ngabogaan lentong dumasar kana eusina.
- f) Naskah nya éta karangan nu mangrupa tulisan.
- g) Drama nya éta hiji caritaan nu dipagelarkeun dina wangun dialog eusina ngalakonkeun kasedihan, katunggaraan, jsb.
- h) Naskah drama nya éta hiji karangan tinulis nu eusina dialog nu dipentaskeun ku pamaén dina hiji sandiwara.
- i) Adegan pragmatis kalimah pananya dina naskah drama nya éta wangunan nu ngéntép seureuh nu ngulik patali nu harti jeung kontéks tutur, nu gunana pikeun nanyakeun hiji hal ka jalma lian tur miboga harepan dijawab ku batur nu dipungkas ku tanda pananya, ayana dina dialog nu dipagelarkeun ku pamaén dina hiji sandiwara.

2.6 Sistematika Tulisan

Sistematika tulisan dina ieu panalungtikan ngawengku sawatara hal nu baris dipedar dina sub bab. Kahiji medar bab hiji nya éta bubuka nu nyaritakeun

kasangkutan masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan jeung mangpaat panalungtikan, wangenan istilah, jeung sistematika panulisan nu patali jeung adegan pragmatik kalimah pananya dina naskah drama Sunda.

Kadua medar bab dua nya éta ulikan pragmatik kalimah pananya nu ngabahas pragmatik, kalimah, kalimah pananya, pragmatik kalimah pananya (adegan pragmatik kalimah pananya, tahapan pragmatik kalimah pananya, sarta ma'na pragmatik), drama (wangenan, sajarah, bagbagan), jeung raraga mikir nu ngabahas konsép nu ditalungtik ngawengku pragmatik sarta kalimah pananya.

Katilu medar bab tilu nya éta métode panalungtikan eusina medar ngeunaan sumber data, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, sarta téhnik ngolah data.

Kaopat medar bab opat nya éta deskripsi jeung analisis adegan pragmatik kalimah pananya dina naskah drama Sunda karangan siswa kelas XII IPA SMAN 1 Sindangkasih Kabupatén Ciamis, eusina medar ngeunaan data kalimah pananya, pola pragmatik kalimah pananya, ma'na pragmatik kalimah pananya, tahapan pragmatik kalimah pananya, sarta prinsip pragmatik kalimah pananya.

Kalima medar bab lima nyaéta kacindekan jeung *rékomendasi* eusina medar kacindekan jeung *rékomendasi* adegan pragmatik kalimah pananya nu ditalungtik.